



**MUSYAWARAH GURU MATA PELAJARAN
MADRASAH TSANAWIYAH (MGMP MTs)
KABUPATEN CILACAP**

PENILAIAN AKHIR SEMESTER (PAS)
SEMESTER GENAP TAHUN PELAJARAN 2022/2023

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari,Tanggal	: September 2022
Kelas/Semester	: VII (Tujuh) / Ganjil	Pukul	:
Kode	: BJ.7	Waktu	: 90 Menit

PERHATIAN :

- Semua jawaban dikerjakan di lembar jawaban yang tersedia
- Tulislah nama dan nomor peserta ditulis disebelah kanan atas lembar jawaban
- Gunakan waktu yang tersedia dengan sebaik-baiknya

I. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi menehi tandha ping (X) ana ing huruf A, B, C utawa D kang kaanggep bener!

Kanggo mangsuli pitakon No. 1- 3

Nalika Esti arep mlebu sekolah sapisanan, atine seneng banget amarga dheweke bisa ketampa ana ing SMP sing dadi idham-idhamane. Malah wiwit Esti isih ana ing SD, dheweke wis kepengin banget sekolah ing kono. Mula saka kui, Esti sewengi ora bisa turu nglipus. Bola-bali Esti pijer nglilir amarga wedi yen kerinan. Kajaba seneng, atine Esti uga dheg-dhegan amarga mikir kepiye mengko yen mlebu sapisanan kamangka dheweke durung duwe kanca.

- Irah-Irahan (judul) kang trep kanggo wacan ing nduwur yaiku....
 - Mlebu Sekolah Sapisanan
 - Duwe Kanca Anyar
 - Dadi Murid Anyar
 - Ketampa ing SMP
- Tembung liya kerinan yaiku....
 - ketrucut
 - kebacut
 - kepadhangen
 - kewengen
- Esti kepengin sekolah ana ing SMP sing dadi idham-idhamane....
 - nalika ujian SD
 - wiwit isih ana SD
 - sadurunge mlebu SD
 - nalika ujian SD

Kanggo mangsuli pitakon No. 4-6

Kutha Kendhal

Jeneng Kendhal iku ujure para pinisepuh asala saka arane tutuwuhan aran wit kendhal sing basa Latine disebut Cordia Myza. Wit kendhal kasebut sakawit ditemokake dening Pangeran Banawo kang isih turunan Sultan Pajang sing wektu iku kapinujon isih ngayam alas jalaran ana dredah. Kutha Kendhal wektu semena isih awujud alas gung liwang Liwung. Sawijining dina Pangeran Benawa ngutus andhahane kanga ran Baureksa kanggo bebadra ing alas kendhal. Suprihe alas mau bisoa dadi papan padhukuhan kang raja lan ing tembe dipurih dadiya sawijining kutha sing gedhe. Prenahe alas kendhal kuwi dununge ana sisih kulone kutha Semarang saiki utawa sisih wetane kutha Batang. Mangkono mau setleraman sejarane kutha Kendhal sing katulis ana risalah Humas Pemda Kabupaten Kendhal.

Hari Jadi Kutha Kendhal dening asal Saminar 1969 wis ditetapake tiba ing tanggal 26 Agustus 1829 kapungkur dadi engga saiki kabupateme kasebut wis umur 382 tahun.

Geografi (papan palemahan)-ne pancen mujudake dhaerah sing potensial. Sebab umume subur lan cocog banget ditanduri cengkeh, tebu, palawija, lan mbako sing saiki isih dadi primadhone para kadang tani.

Kapethik saka: Panyebar Semangat, No. 43/1990-, kaca 10

4. Irah-irahan wacan ing nduwur yaiku....
A. Cordia Myza
B. Kendhal
C. Kutha Kendhal
D. Pangeran Benawa
5. Sing nemokake wit kendhal yaiku....
A. Sultan Pajang
B. Pangeran Benawa
C. Pangeran Sambernyawa
D. Jaka Tingkir
6. Lemah ing kutha Kendhal duweni potensi kang go nandur ngisor iki, kajaba....
A. cengkeh
B. tebu
C. palawija
D. pelem
7. Wujude panambang ing antarane yaiku....
A. -in-, -um-, -el-, -er-, ka-
B. -a, -e, -en, -an, -ana, -ne, -na, -ku, -mu
C. m-,n-,ny-ng-,da-,ko-,di-,sa-,pa-,pi-,pra-tar-
D. anuswara/tripurusa (-/-i) utawa (-/-ake)
8. Tembung lingga (tulis), tembung andhahan (tulisen), pangrimbage yaiku....
A. tulis+en
B. tulis+ana
C. tulis+na
D. Tulis+i

Kanggo mangsuli pitakon No. 9-10

Sekar gambuh ping catur,
kang cinatur polah kang kalantur,
tanpa tutur katula-tula katali,
kadaluwarsa katutuh,
kapatuh pan dadi awon.

9. Saben sapada tembang gambuh ana.... gatra
A. lima
B. nem
C. pitu
D. papat
10. Guru lagu lan guru wilangan gatra ketelu yaiku....
A. 12i
B. 10i
C. 9i
D. 11i

Kanggo mangsuli pitakon No. 11-13

Gambuh

Yen teka mangsa tandur,
Mbakyu-mbakyu tani padha rukun
Rame-rame menyang sawah nyekel winih
Neng ler-leran banjur nyemplung

11. Tembang gambuh ing nduwur ngrembug babagan....
A. kerukunan
B. garapan
C. sekolah bawa
D. kajujuran
12. Guru wilangan lan guru lagu, gatra (larik) kaping papat yaiku....
A. 8a
B. 8o
C. 8u
D. 8i

13. Suteng nata iya sapa kumanawi, tembung suteng nata tegesipun....
- | | |
|----------------|----------------|
| A. putra raja | C. wong sukses |
| B. anak mbarep | D. wong sugih |

Kanggo mangsuli pitakon No. 14-15

Ana pacopanipum,
adiguna adigang adigung,
pan adigang kidang adigung pinasti,
adiguna ula iku,
telu pisan mati sempyoh.

14. Mati sempyoh ing gatra pungkasan ing nduwur ateges....
- | | |
|--------------|----------------|
| A. mati lara | C. mati bareng |
| B. mati tuwa | D. mati ijen |
15. Ing tembang kasebut, watak adigang digambarake dening kewan....
- | | |
|-----------|----------|
| A. kidang | C. gajah |
| B. ula | D. Manuk |

Kanggo mangsuli pitakon No. 16-17

ANDHE ANDHE LUMUT

Critane jaman biyen ing Desa Dhadhapan, iku ana sawijining pawongan wadon kang mlarat banget jenenge Mbok Randha Dhadhapan. Uripe mung karo anake lanang sing bagus banget, arane Andhe Andhe Lumut. Wis akeh prawan sing padha nglamar nanging tansah ditolak.

“Kepriye le anakku lanang, apa koe isih puguh ora nampa siji sijia peng Lamar kang tumuju marang sliramu ngger?”, pitakone Nyi Randha Dhadhapan marang putrane sinambi nyambut gawe ana tritisan, nata watu saurutane omah. Andhe Andhe Lumut sumaur lirih, “kulo dereng menggalih parka wis tiyang jejodhohan kok yung”. Ngerti yen anake genah durung rabi, Mbok Randha ya banjur leren olehe ngrembug bab kuwi.

16. Apa kang dikarepake simboke Andhe Andhe Lumut?
- | |
|--|
| A. Andhe-Andhe Lumut arep dijodohaken karo randha |
| B. Andhe-Andhe Lumut bingung milih calon rabine |
| C. Andhe-Andhe Lumut ora karep rabi |
| D. Kepengin supaya Andhe-Andhe Lumut enggal jejodhohan |
17. Andhe-Andhe Lumut anggone matur karo Simboke nganggo basa apa?
- | | |
|---------------|---------------|
| A. ngoko | C. ngoko alus |
| B. ngoko lugu | D. krama |

Kanggo mangsuli pitakon No. 18-19

Kancil lan Kethek

Ing sawijinig dina kethek nemokake kebon gedhang kang amba banget lan akeg uwohe. Dheweke banjur pamer marang kanca-kancane. Kancil uga krungu bab kebon gedhang kuwi, kanthi sesidheman dheweke nggoleki, lan sawise sawatara wektu kancil kasil nemokake kebon gedhang mau.

Kancil banjur lumebu ing kebon gedhang mau, nanging kuciwa dheweke ora bisa methik sebab ora bisa manjat, kancil banjur mikir kepriye carane supaya bisa njupuk gedhang sing ana ing nduwur uwit. Nalika dheweke lagi mikir-mikir dumadakan dibalang nganggo kulit gedhang, kancil meh wae mlayu

sebab dheweke ngira sing mbalang mau pak tani, nanging bareng nyawang mendhuwur jebul sing mbalang kethek sing nakal.

“O. dhasar kethek bodho! Pambalangmu iki ora ngenani awakku, sebab sing ko balangke kulite, coba yen gedhange mesthi kena! Tapi apa kowe bisa kethek bodho?”

Diunekke bodho kethek tersinggung, kancil banjur dibalang nganggo gedhang sing mateng, “nyoh benjut awakmu!”. Kancil gumuyu ing batin sebab kethek bisa diapusi.

18. Wateke kancil manut crita ing ndhuwur yaiku....
A. bodho
B. licik
C. kesed
D. Pamer
19. Amanat utawa pesen moral kang bisa kajupuk saka crita kasebut yaiku....
A. aja seneng pamer ndak gampang kapusen
B. aja dhemen njupuk barange liyan
C. uip iku kudu tulung tinulung
D. aja seneng ngapusi marang liyan
20. Irah-irahan ngisor iki sing ora keblebu crita legendha yaiku....
A. Dumadine Kutha Kudus
B. Mula Bukane Kutha Boyolali
C. Nalika Sita Nesu
D. Asal-Usule Danau Toba
21. Ngringkes iku gawe crita dadi....
A. apik
B. elek
C. cekak
D. Ringkes
22. Urutaning crita legendha saka wiwitan nganti pungkasan diarani....
A. setting
B. tema
C. alur
D. Konflik
23. Kanggo ngringkes crita rakyat kudu ngerteni....
A. tembung sing dingerteni tegese
B. pokok pikiran saben paragraf
C. piwulang luhur crita legendha
D. papan panggonan sing dijlentrehna
24. Esuk iku hawane seger. Esuk umun-umun aku wis tangi amarga sawengi anggonku turu ora bisa pules. Embuh apa sebabe, klisak-klisik wae ing mangka ora akeh nyamuke. Embuh kagawa rasa seneng amarga bocah ndesa arep dijak out bond gurune atine mesthine seneng banget. Sawengi ngeling-eling kok ora padhang-padhang kesusu arep lunga out bond bareng karo kanca-kancane. Manut andharan ing nduwur, paraga aku anggone tangi ing wanci esuk banget, jalaran....
A. akeh nyamuke
B. seneng amarga arep piknik
C. sewengi mung kepengin enggal parak
D. anggone turu ora bisa pules
25. Dina Minggu, bocah kelas 7 A lan B out bond menyang Museum Ronggawarsita Semarang saperlu nonton wayang lan gamelan, Palagan Ambarawa lan Museum Kereta. Kabeh persiapan wis dakgawa. Bekal saka ibuku ora lali. Aku digawani godhogan tela pohung lan ngombe sebotol gedhe. Ing ngisor iki tujuane kegiatan out bond bocah kelas 7 A lan B, kajaba....
A. Museum Wayang Semarang
B. Museum Ronggawarsita
C. Palagan Ambarawa
D. Museum Kereta
26. Kaya ngapa atiku senenge sawise bis sing daktunggu-tunggu teka, bis Zentrum arane. Atiku gumun, bis kok apik banget, mewah ngono jarene. Dhasar bocah ndesa kulinane numpak dhipan gratis lan mandheg alias ora mlaku. Numpak bis mewah kaya ngapa senenge atiku. Sawise bis teka paraga aku atine dadi gumun, amarga....
A. bis Zentrum bis kang paling apik
B. ngerti bis kang apik lan mewah
C. bisa numpak bis gratis
D. dheweke mung wong ndesa

27. Nuju giliranku digawekake teh, ndilalah dhuwitku keru ing ta sing njero bis. Aku njupuk dhuwit mau lan pesen karo sing dodol supaya tehku dideleh meja. Ora let suwe aku wis tekan ing warung mau. Amarga saking ngelake, aku banjur nyekel gelas sing ana ing meja cedhake sing dodol. Bantinku iki mesthi teh sing dakpesen. Ora nganggo basa-basi gelas iku mau dakcekel banjur dakombe. Mak jabrus rasane dudu teh, nanging ora enak babar pisan. Sawise rada suwe daksawang, jebule ing gelas mau dudu teh, nanging lenga jlantah/ lenga bekas kanggo nggoreng. Kanca-kancaku padha pingkel-pingkel ngingeti tingkah polahku kang ngombe lenga jlantah. Sebabe kanca-kancane paraga aku padha ngguyu kepingkel-pingkel yaiku....
- ngerti dhuwite paraga aku keru ing bis
 - ngerti polah tingkahe paraga aku ngombe es teh
 - ngerti polah tingkahe paraga aku ngombe es the kleru jlantah
 - ngerti polah tingkahe paraga aku mlayu-mlayu pesen es the
28. Sawise rada suwe daksawang, jebule ing gelas mau dudu teh, nanging lenga jlantah. Sing diarani jlantah yaiku....
- lenga kang isih anyar
 - lenga kang durung kanggo nggoreng
 - lenga kang rep dingo nggoreng
 - lenga bekas kang dingo nggoreng
29. Ora let suwe aku lan kancaku mlebu maneh ing area Palagan Ambarawa. Aku sakanca mlebu ing museum, numpak kereta, numpak pesawat jaman Landa, lan dolanan liyane. Kabeh samubarang ing museum palagan dakchatet. Malah ana bocah-bocah kang foto bareng. Aku uga katut foto ing museum lan ing ngisor tugu Palagan Ambarawa. Ing ngisor iki sing ditindakake ing area Palagan Ambarawa, kajaba....
- foto bareng ing ngisor tugu Palagan Ambarawa
 - nyathet samubarang ing museum
 - numpak jaran ing cedhak museum
 - numpak pesawat jalan Landa
30. Gelem prasaja. Ukara kasebut yen ditulis nganggo aksara Jawa yaiku
- ꦒꦼꦭꦼꦩ꧀ꦥꦫꦱꦗ
 - ꦒꦼꦭꦼꦩ꧀ꦥꦫꦱꦗ
 - ꦒꦼꦭꦼꦩ꧀ꦥꦫꦱꦗ
 - ꦒꦼꦭꦼꦩ꧀ꦥꦫꦱꦗ

II. Gathukna pitakonan ing ngisor iki karo jawaban ing sisih tengen!

- Karangan kang nyritakake samubarang kanthi runtut manut urutan wektu diarani
- Tembung kang durung owah saka asale, diarani
- Cacahe tembang macapat
- Tibaning swara ing pungkasan gatra, diarani
- Serat Wulangreh dianggit dening
- Crita kang nyritakake dumadine papan panggonan, diarani
- Crita kang ora kaweruhan sapa sing nganggit, diarani
- Kedadayan kang wis tau dideleng/ ditemoni, yaiku
- Aksara legena/ aksara carakan cacahé ana
- Tembung loro kang padha utawa meh padha tegese dianggo bebarengan, diarani

- Tembung Lingga
- Guru lagu
- Legendha
- Narasi
- Anonim
- 20
- 11
- 13
- Tembung Saroja
- Crita Pengalaman
- Pakubuwono IV
- Fabel

III. Jawaben pitakonan ngisor iki kanthi patitis!

41. Ana pira cacahé ciri-ciri wacan narasi? Sebutna!

Kanggo mangsuli pitakon No. 42-43

Sekar gambuh ping catur,
kang cinatur polah kang kalantur,
tanpa tutur katula-tula katali,
kadaluwarsa katutuh,

42. Tulis guru wilangan lan guru lagune tembang gambuh ing nduwur!

43. Tulis nganggo aksara Jawa gatra (baris) pungkasan (terakhir) tembang gambuh ing nduwur!

44. Cita Fiksi kaperang dados pinten? Sebutna!

45. Sebutna jenis-jenis cita pengalaman pribadi, 3 wae!